



Pwoblèm Zye Timoun

Souvan jenn timoun yo pa konn sa lè yo gen pwoblèm nan zye. Yo panse sa yo wè a se sa tout lòt moun wè.

Pafwa paran yo wè siy ke timoun yo gendwa gen yon pwoblèm nan zye.

Èske timoun ou an:

- chita tou pre televizyon an?
- gen maltèt oswa zye li fatige?
- evite aktivite pou rezon ki pa fin klè?
- fwote zye li souvan?
- fè zye l pichpich oswa panche tèt li pou l wè?
- evite limyè klere?

Si w remake nenpòt nan siy sa yo:

- Mennen timoun ou an kay yon doktè zye pou l fè yon egzamen.
- Kontinye mennen timoun ou an kay doktè zye chak ane, sitou si li pote wè.
- Ankouraje timoun ou an mete linèt la jan doktè zye a endike.

